



DIMANCH MANJE AN FANMI

ENTWODIKSYON AVAN MANJE A

RESPONSAB: Lè yon fanmi reyni bò kot tab la pou diskite ak pataje manje, atachman ki ini fanmi an ranfòse. Pandan nou ansanm jodiya, nap renouvle ankò lanmou ki ini fanmi nou an. Tande paròl Bondye pandan na'p sonje gwan renmen Bondye e na'p ran Li gwas.

YON LEKTI NAN LIV DETERONÒM

Tande, o Israyèl! Seyè a se Bondye nou, Seyè a sèl! Se poutèt sa ou va renmen Seyè a, Bondye ou a, ak tout kè ou, ak tout ou menm e ak tout fòs ou. Pwan ak tout kè ou pawòl li yo, mwen kòmande ou sa jodi a. Kontinye repete yo a timoun nou yo. Resite yo lè nou lakay nou ak lè nou pa lakay nou, lè nou pwal kouche ak lè nou leve. Atache yo sou bwa nou kòm sign e kite yo pendye sou fwon nou. Ekwi yo sou poto yo lakay noua k sou pòt yo.

Pawòl Seyè a

NOU TOUT: Nou rann gwas a Bondye

Seksyon swivant lan se yon dyalòg ant moun kap poze kestyon yo ak moun kap reponn nan. Nan repons sou apèl Deteronòm lan «Pou repete yo a timoun nou yo», anvizaje pou mande yon manb sila ki pi jenn nan fanmi yan pou poze kestyon yo ak manb ki pi gwan an (paran/gwanparan) pou li repon yo, ou chanje li ant diferan timoun yo kap poze kestyon yo.

Kestyon: Pouki sa Legliz konsakwe yon ane entye a Lekaristi?

Repons: Paske selebwe Lekaristi se bagay ki pi enpòtan ke nou fè antan ke katolik.

Kestyon: Pouki sa li rele Lekaristi?

Repons: Mo Lekaristi vini de yon mo gwèk pou aksyon de gwas. Lè nap selebwe Lekaristi, nou rann Bondye gwas.

Kestyon: Pouki sa se bagay ki pi enpòtan ke nou fè?

Repons: Se a la fwa sous ak somè lafwa nou. Jezi te pwan nati moun pou li te ka sove nou sot anba peche. Lanmès la fè nou sonje sa li te fè pou nou.

Kestyon: Kouman nou pataje kò ak san Kwis la?

Repons : Lekaristi se [ajoute yon aparans] ki kò ak san Jezi. Ptèt nou wè pen ak diven an, men nou konnen ke se Jezi. Nou konnen paske Jezi te di sa e nou kwè li. Nan Jézi, Bondye tounen moun pou nou, ak nan Lekaristi, Jezi tounen nouriti nou. Bondye ki te bay laman nan ak Izrayelit yo nan dezè a li bay li a Legliz li ya Sent Lekaristi ya. Jezi ki te bay li sou lakwa pou noua p bay li kounye a nou nan nan sakwifis lanmès la.

Kestyon : Kouman Lekaristi afekte nou?

Repons: Nou fòtifye, geri e nouriti pa Lekaristi. Ak sakweman sa a, nou uni noua k Kwis la, ki fè nou patisipe a Kò e San pou fòme yon sèl kò ak kò nan Kwis la.

RESPONSAB: Pandan nap koumanse repa sa a, an nou mande benediksyon Bondye sou fanmi nou pou nou kapab vini fò nan lafwa nou, rete enrasine nan espwa e aji toujou nan renmen pou Bondye ak yon pou lòt yo.

An nou lapwyè

Ansanm: Beni-nou, o Syè, e beni don ke nou ye sou pwèn pou nou resevwa bonte Kwis la Seyè nou an, Amèn.

Pandan ke ou ap savoure repa ou a, pale de jounen ou tankou ou tap fè li nòmalman. Diskite pou ki sa ou rekonesan an tan ke moun e an tan ke fanmi. Lekaristi se tou yon ak de memwa pandan ke n'ap "envoke" sakwifis Jezi sou lakwa. Anvizaje envite tout moun pou pataje yon souvni espesyal key o genyen de fanmi ou, oubyen yon souvni de pwemye kominyon ou oubyen tou de yon lòt selebwasyon sakwamantèl. Sa kab egalman yon moman apwopwye é pou ou pataje de souveni yo de manb fanmi ki mouri yo décédés.

PWYÈ APWE OU FINN MANJE

RESPONSAB: Pandan ke nou fini repa nou jodi a, an nou kite tab la renouvle e ranfòse pou nou swiv Jezi e angaje nou pandan n'ap gade li, ansanm ak Lekaristi a, nan mitan vi fanmi nou. Inis nan fanmi, an nou louwe Bondye ki ban nou lavi.

PSÒM 104 : 2-3, 14-15,27-28, 33

RESPONSAB: Map pwal chante Letènèl tout vi mwen; Ma pwal chante louanj yo a Bondye pandan ke map viv.

ANSANM: Map pwal chante Letènèl tout vi mwen; Ma pwal chante louanj yo a Bondye pandan ke map viv.

RESPONSAB: SEYÈ, Bondye mwen, ou vweman gwan! Ou abye an majeste e an bèlte, pare nan limyè tankou yon manto. Ou etann syèl la tankou yon tant; plase fetyè tankou sal sou dlo yo.

ANSANM: Map pwal chante Letènèl tout vi mwen; Ma pwal chante louanj yo a Bondye pandan ke map viv.

RESPONSAB: Ou fè pouse zèb pou betay la e plant yo pou moun yo twavay pou fè sòti nouriti nan tè a, diven pou rejwi kè yo, lwil pou fè bwiye vizaje yo ak pen pou soutni kè imen an.

ANSANM: Map pwal chante Letènèl tout vi mwen; Ma pwal chante louanj yo a Bondye pandan ke map viv.

RESPONSAB: Yo tout konte sou ou pou bayo nouriti nan moman yo bezwen. Lè ou ap bayo li, yo yap rasanble; lè noua p louvwi men ou, yap byen rasazyè.

ANSANM: Map pwal chante Letènèl tout vi mwen; Ma pwal chante louanj yo a Bondye pandan ke map viv.

RESPONSAB : An nou tèmine pandan n'ap pye ak paròl ke Jezi te anseye nou:

Papa nou, ki nan syèl la, se pou yo respekte non ou, se pou yo rekonèt se ou ki Wa; se pou volonte ou fèt sou tè a tankou nan syèl la. Pen nou bezwen chak jou a bannou li jodya; padone nou jodya tankou nou padone moun ki fè nou ki chòy;pa kite nou pwan nan pyèj men delivwe nou anba tout sa ki mal. Amèn.

Pou fanmi yo avèk jen yo ak timoun yo, skanne cod la QR pou impwime aktivite enteresan yo pou timoun yo pou yo fè pandan ke ou ap pwepare manje ou pou yo fè pandan jounen an.



 **EVANGELIZE**

evangelizeboston.com

Yon Misyon Achidyosèz Boston